

25 septanm

Senyè, Bondye mwen, mwen rele nan pye ou, epi ou geri mwen. Sòm 30. 2

Lè nou te anba tray, nou te rele m, mwen te delivre nou. Sòm 81. 7

Premye lapriyè mwen (2)

“Nenpòt moun ki nan lapenn, li kriye nan pye Bondye, Bondye pap janm lage l”. Pawòl Bondye sa (Sòm 91. 15) pa t lage m... Mwen di : “Ou pa konnen tout bagay. Petèt ke Bondye egziste toutbonvre”. E, dapre egzanp ke Paskal bay la – e ke lè sa a m pa t konnen – m te fè pwòp paryaj mwen. Si li pa egziste, ou pap pèdi anyen. Men si li egziste, ou kapab genyen tout bagay tou... M t ap di Bondye bagay sa yo : “Annou klè ! M pa kwè nan ou. Men mwen pa konnen tout bagay. Si ou egziste toutbon vre – sa ke m doute anpil – se pa mwen pou ki jwenn ou. Se ou menm pou ki fè m konnen ou”.

E, devan yon lafwa san nannan konsa, Bondye Toupi-san an reponn. Pa te gen anyen ke moun ka demontre ki te fèt. Eta degraba m nan te pèsiste pandan plizyè mwa. Men, depi moman sa, m te soti nan monn peche a, pou m ale nan wayòm lagras la. Pandan kenz mwa byen long, konviksyon eta peche m devan Kreyatè Sen e Jis mwen an t ap kontinye grandi, anvan ke, ak gwo sezi-man, m dekouvri ke kòlè li ke m te merite a, te tonbe sou Pitit byenneme li a, Sovè e Senyè nou Jezi Kris, pou mwen, sou lakwa Gòlgota.

Se konsa sèl vrè Bondye a, Kreyatè Syèl ak latè, li menm ki kenbe kreyasyon li an byen kenbe, Souvren avoka ak redanmtè pèp li a, te fè m konnen l. Nan sezi-man m nan m te dekouvri ke Bondye sa te merite konfyans mwen nètalkole ; e ke Pawòl li ki ekri a, Bib la, se laverite, nou ka kwè yo san gade dèyè”.

Kèk moso nan temwayaj Jan Mak Bètou

25

septembre

Mon Dieu ! j'ai crié à toi, et tu m'as guéri.

Psaume 30. 2

Dans la détresse tu as crié, et je t'ai délivré.

Psaume 81. 7

Ma première prière (2)

“Quiconque dans l’angoisse crie à Dieu, Dieu ne le délaissera jamais”. Cette parole de Dieu (Psaume 91. 15) ne me lâcha plus... Je me dis : “Tu ne sais pas tout. Peut-être Dieu existe véritablement”. Et, suivant l’exemple que donne Pascal – et que j’ignorais alors –, je fis mon propre pari. S’il n’existe pas, tu n’as rien à perdre. Mais, s’il existe, tu peux encore tout gagner... Je disais en gros ceci à Dieu : “Soyons clairs ! Je ne crois pas en toi. Mais je ne suis pas omniscient. Si tu existes vraiment – ce dont je doute fort –, ce n’est pas à moi à te trouver. C’est à toi à te révéler à moi”.

Et, même à une foi aussi lacunaire, le Dieu tout-puissant répond. Rien ne se produisit de tangible. Mon état d’anéantissement persista encore de longs mois. Mais, dès cet instant, je basculai du monde du péché, dans le règne de la grâce. Pendant quinze longs mois, la conviction de mon état de péché devant mon Créateur saint et juste ne fit que grandir avant que, émerveillé, je découvre enfin que sa colère que je méritais, était tombée pour moi, à la croix de Golgotha, sur son Fils bien-aimé, notre Sauveur et Seigneur Jésus Christ.

C’est ainsi que le seul vrai Dieu, Créateur du ciel et de la terre, Soutien infaillible de sa création, Souverain législateur et Rédempteur de son peuple, s’est fait connaître à moi. Dans mon émerveillement je découvris que ce Dieu-là était entièrement digne de toute ma confiance ; et que sa Parole écrite, la Bible, était vraie, totalement fiable.”

Extraits du témoignage de Jean-Marc Berthoud